


Keep Your Pikin Kampe: Sabi Your Blood Type



Wetin be your blood type?

Your blood dey two type:

- Like: A, B, AB, or O.
- Rh factor: + (positive) or – (negative)

Like: A+, B+, AB+, O+, or A-, B-, AB-, O –

You sabi your blood type?

If you no sabi your blood type, go health center make dem do am for you and your pikin.

Your blood type fit make your pikin no dey kampe

Rh disease dey happen wey the pikin inside belle be Rh+ like the papa wey be Rh+ too.

Who dey fit worry?

Rh- mama wey get Rh+ pikin.

If you be Rh+ mama, your pikin dey kampe.

Wetin fit happen if pikin get Rh disease?

- Pikin body fit yellow (jaundice)
- Pikin fit dey sick or get health wahala
- Pikin fit die before or small time after dey born am

Rh disease no dey worry first belle. But pikin after fit get wahala.

Wetin you go do?

1. Go health center. Ask: “*wetin be my blood group type?*” Make your husband or one family person follow you go.

2. If you be Rh negative (-) ask the health worker, “*How I go take protect my pikin?*”

3. Your pikin fit dey kampe with Anti-D injection:

- Take am before he reach 3 days when you born, or when you abort, or belle spoil for your body.
- Take am wen you dey with belle if your doctor talk say you need am.

After injection, ask health worker wetin again go make your pikin dey kampe.

4. Make you sabi your blood type and get care wen you get belle.

WI Rh E

Worldwide Initiative for Rh disease Eradication

Rh⁻ Solution Initiative
"Live Baby for every Mother"

Suite No. B6, Unique
Shopping Mall, Old
Secretariat Rd, Police
Barrack, Ikeja, Nigeria